

Alkitab kanggo murangkalih
Nyanggakeun

Manusa Mimiti
Ngaraos Sedih



Ditulis ku: Edward Hughes
Ilustrasi/juru gambar ku: Byron Unger; Lazarus;
Alastair Paterson
Disaluyukeun ku: M. Maillot; Tammy S.
Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin
Diproduksi ku: Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada


©2021 Bible for Children, Inc.


Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak
carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.



Gusti nyiptakeun sagala rupa, dunya sareng eusina. Gusti midamel jalma anu kahiji nyaeta Adam, anu sareng istrinya Hawa nempatan taman Eden. Aranjeuna teh baragja, sareng pisan,

teras leres-leres taat ka Gusti, akrab pisan sareng Gusti, sosobatan sareng Gusti. Dugika dina hiji dinten ...






"Pasti Allah ngomong kieu, sakabeh tangkal anu aya di taman ieu buah na teu meunang didahar nya?" ceuk oray nanya ka Hawa "Bungbuahan anu aya di taman ieu meunang didahar kajaba anu hiji"

Hawa ngajawab "lamun ku kuring dirampa atawa didahar pasti kuring paeh". "moal, moal nepika paeh" Ceuk oray the.





"Maneh bakal jadi siga Allah" teras Hawa jadi mikahoyong buah eta. Hawa nurut kana omongan oray teras buah eta ku Hawa teh diemam.



Saatos Hawa teu taat ka Gusti,
Hawa ngajak Adam supados
Adam oge ngaeman buah eta.
Kedahna mah Adam teh nyarios
kieu "Moal, kuring
moal ngalanggar
panyaur
Gusti."





Waktos Adam sareng Hawa milampah
dosa eta, ngalanggar parentah Gusti,
aranjeuna sadar yen aranjeuna teh talanjang.





Aranjeuna ngala daun ara, teras
didamel janten sapertos cawet anu tiasa
nutupan aranjeuna. Adam sareng Hawa nyumput
dina rungkun, supados teu kanyahoan ku Gusti.




Dina dinten anu endah, sareng seger,
pasosonten Gusti teh jalan-jalan di Taman
eta. Gusti uningaen kana naon anu tos
dilakukeun ku Adam sareng Hawa. Adam
nyalahkeun Hawa, Hawa nyalahkeun
oray. Teras Gusti nyaur "Oray
disapa, awewe bakal ngarasa
nyeri lamun ngajuru."





"Adam kusabab maneh geus ngalakukeun dosa, taneuh disapa jadi pinuh kujujukutan jeung rungkun cucuk, maneh kudu digawe satakertanaga sangkan unggal poe bisa dahar."






Gusti nempatkeun Adam sareng Hawa di Taman anu endah, kusabab areunjeuna nagalakukeun dosa, aranjeuna janten papisah sareng Gusti anu hirup.







Gusti nyiptakeun
pedang anu hurung kanggo ngahalangan
Adam sareng Hawa sangkan teu
balik deui ka Taman. Gusti
ngadamelkeun acuk tina kulit
kanggo Adam sareng Hawa.
Timana Gusti
teh nyandak
eta kulitna?




Dina hiji waktos, saurang anggota kuluwarga anu enggal lahir, Adam sareng Hawa teh gaduh putra, anu kahiji namina Kain. Kain teh janten patani, putra anu kadua namina Habel, Habel janten pangangon.




Dina hiji dinten Kain nyandak sababaraha sayuran
anu bade dipasihekun ka Gusti janten kurban. Habel
oge nyandak sababaraha embe anu pangsaena kanggo
kurban ka Gusti teh. Gusti
ngaraos seneng kana
kurbana Habel.



Gusti teh teu senengeun kana kurbana Kain. Kain janten ambekeun pisan, tapi Gusti teh nyarios ka Kain "Lamun maneh migawe naon anu bener, naha kurban maneh moal ditarima?"



Kaambek Kain teh tetep wae
aya, teu leungit. Sababaraha
waktos ti harita di tegalan Kain
neunggeul sareng maehan Habel.



Gusti nyaur ka Kain "Dimana Habel, adi maneh?"
"Kuring teu nyaho", Kain ngabohong. "Naha kuring
teh anu ngajagaan adi kuring?" Gusti ngahukum
Kain, sagala rupa kaahlian Kain dina
tani ku Gusti dileungitkeun, Kain
janten jalma anu sok ngalalana
kaditu-kadieu.



Kain janten jauh sareng Gusti, anjeuna nikah sareng putra Adam anu istri ngajanten hiji kulawarga. Teu lami ti dinya eta kulawarga Kain teh, anakna, incuna, buyutna, minuhan tanah anu di tempat anu Kain.




Kulawarga Adam sareng Hawa oge
tambah nyeueuran, harita mah
manusa teh umurna langkung
panjang dari pada ayeuna.



Waktos putrana anu namina Set lahir Hawa nyarios kieu "Allah tos masihan karunia ka kuring, masihan anak anu jadi gaganti Habel" Set teh saurang jalmi anu soleh pisan, anjeuna hirup dugi ka 912 taun, putra-putrana oge seueur pisan.



Di alam dunya teh, manusa janten
jarahat, unggal turunan the malah
tambah jahat. Akhirna Gusti
mutuskeun bakal ngancurkeun
umat manusa.
Kitu oge ...



Sadaya sasatoan sareng sagala
rupi manuk. Gusti handeueuleun
tos nyiptakeun manusa. Tapi
aya saurang jalmi anu matak
pikaresepen
Gusti.



Jalmi eta namina Nuh, turunan ti Set. Nuh teh jalmina bageur pisan, soleh, anjeuna hirupna raket pisan sareng Gusti.




Anjeuna gaduh 3 putra pameget. Anjeuna oge sok ngajarkeun ka putra -putrana sangkan hirup taat ka Gusti. Ayeuna Gusti ngagaduhan rencana ngalangkungan Nuh, rencana anu khusus sareng aneh.



Manusa Mimiti Ngaraos Sedih
Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab
Kenging ti
Kajadian 3-6

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu
masihan Caang." Psalm 119:130






Rengse



2



60



Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaen yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

